

TOUAZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

PRÉMIÉ SÉKSION

Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a

PRÉMIÉ CHAPIT

Dignité moun-nan kòm moun

ATIK 6

Konsians moral-la

1776 « Nan fon konsians-la moun-nan dékouvri laloua-a, sé pa li-minm ki
1954 bay tèt-li laloua-a, min li doué obéyi-l épi, lè sa gin pou fèt, voua laloua-a
ap palé nan zòrèy kè-a, pou-l mandé moun-nan toujou rinmin byin-an épi
fè-l épitou évité mal-la [...]. Paské moun-nan gin yon laloua Bondié gravé
nan kè-l [...]. Konsians-la sé nouayo pi sékrè épi sanktuè moun-nan, koté
li pou kont-li ak Bondié li-minm voua-l ap palé nan intimité moun-nan »
(GS 16).

I. Jijman konsians-la

1777 Antan konsians moral-la prézan nan kè moun-nan (cf. Rm 2, 14-16), li
mété-l anba obligasion, nan moman sa doué fèt, pou-l fè byin-an épi évité
mal-la. Li jijé choua moun-nan fè konkrètman-yo tou, antan li aprouvé sa-
k bon-yo, li dénonse sa-k pa bon-yo (cf. Rm 1, 32). Li témouagné otorité
vérité-a an fonksion Byin ki pi ro-a, sa moun-nan santi k-ap atiré-l la épi
1766, 2071 l-ap résévoua lòd li-yo. Lè moun ki prudan-an kouté konsians moral-la, li
kapab tandé Bondié k-ap palé.

1778 Konsians moral-la sé jijman rézon-an koté moun-nan kòm moun
1749 rékonèt kalité moral aksion détèminé li gin pou-l fè-a, l-ap fè-a oubyin li
té fè-a. Nan tout sa moun-nan ap di oubyin fè, li gin obligasion pou-l suiv

fidèlman sa li-minm li konnin ki kòrèk épi ki douat. Palintèmediè jijman konsians-li, moun-nan kapté épi konnin kòmandman laloua Bondié-a :

Konsians-la « sé laloua léspri-nou, min ki dépasé léspri-nou, ki pasé nou lòd, ki indiké responsabilité ak dévoua, krint ak éspoua. [...] Sé li k-ap fè konnin Sa-a k-ap instrui nou épi k-ap gouvèné nou, sou plan natirèl-la ak sou plan gras-la, antan l-ap palé ak nou yon fason voualé. Konsians-la sé premié nan tout vikè Kris-la » (Newman, lettre au Duc de Norfolk 5).

1779 Sé sa-k fè, sé pou chak moun prézan épi atantif ak pròp tèt-li pou-l
1886 kapab tandé voua konsians-li épi suiv li. Égzijans *intériorité* sa-a pi nésésé toujou poutèt, anpil foua, lavi-a minnin nan danjé pou nou ralé kò nou sot anba tout réfléksion, égzamin oubyin rantré nan nou-minm :

« Rantré nan konsians-ou, pozé-l késion. [...] Rantré anndan donk, frè-m yo ; épi nan tout sa n-ap fè, konsidéré témouin-an, Bondié » (S. Augustin, ep. Jo. 8, 9).

1780 Dignité moun-nan kòm moun inpliké épi égzijé *konsians moral ki douat-la*. Konsians moral-la gin ladan-l pèsépsion prinsip moralité-a (« syndérèse »), aplikasion yo nan sikonstans ki rivé-yo palintèmediè disèman pratik rézon-yo ak byin-yo épi anfin jijman ki fèt osijè aksion détèminé (konkrè) yo gin pou fè oubyin yo déja fè-yo. Vérité osijè byin moral-la, sa laloua rézon-an déklaré-a, yo konnin-l pratikman épi 1806 konkrètman palintèmediè *jijman prudans* konsians-la. Moun ki chouazi dapré jijman sa-a, yo di li prudan.

1781 Konsians-la pèmèt moun-nan pran *responsabilité* aksion-l fè-yo. Si 1731 yon moun fè sa-k mal, jijman konsians-la ki kòrèk kapab rété nan li kòm témouin osijè vérité inivèsèl byin-an, épi, an minm tan, osijè malis chak sa-l chouazi. Santans (vèdik) jijman konsians-la rété yon garanti pou éspérans-la ak mizérikòd-la. Antan-l témouagné fot yo fè-a koupab, li raplé yo doué mandé padon, kontinué fè byin épi pran souin vèrtu-a san rété ak lagras Bondié-a :

« Dévan-l n-a asiré kè nou, si kè nou fè nou répròch, Bondié pi gran pasé kè nou, li konn tout bagay » (1 Jn 3, 19-20).

1782 Moun-nan gin doua aji libréman dapré konsians-la, pou-l kapab pran 2106 désizyon moral-yo pèsònèlman. « Yo pa kapab fòsé moun-nan donk, pou-l aji kont konsians-li. Min yo pa kapab anpéché-l aji dapré konsians-li non plis, sitou nan késion rélijion » (DH 3).

II. Fòmasyon konsians-la

1783 Yo doué bay konsians-la asirans épi kléré jijman moral-la. Konsians ki byin fòmé-a li douat épi li véridik. Li déklaré jijman-l yo antan-l suiv rézon-an, dapré vrè byin sajès Kréatè-a vlé-a. Édikasion konsians-la

- 2039 nésèsè pou moun-yo k-ap sibi infliyans négatif épi péché-a ap tanté pou fè sé pròp jijman pa-yo yo pito épi pou yo réjité ansègnman ki gin otorité-yo.
- 1784 Édikasion konsians-la sé yon travay pou tout lavi. Dépi premié ané-yo, édikasion sa-a révéyé nan konsians timoun-yo konésans épi pratik laloua moral-la yo konnin sou paranndan yo-a. Yon édikasion ki prudan anségné vèrtu-a ; li prezèvé oubyin géri kont krint, kont amou avèg pou pròp tèt-ou (« égoïsm »), kont ògèy-la, kont égzajérasion fot koupab-la, kont tandans jistifié pròp tèt ou-a, ki soti nan féblès ak nan fòt moun-yo fè-yo. 1742 Édikasion konsians-la bay libèté-a épi li anfanté lapè kè-a.
- 1785 Nan fòmasyon konsians-la, Paròl Bondié-a sé limiè chemin nou-an ; nan lafoua ak priyé sé pou yo fè-l tounin pròp afè yo (asimilé-l pèsonèlman) épi mété-l an pratik. Nou doué égzaminé konsians-nou antan nou gadé koua Granmèt-la. Kado Éspri-Sin-yo poté nou sékou, nou minm ki bézouin témouagnaj ak konsèy lòt-yo pou édé nou épi pou otorité ansègnman l'Égliz-la kondui nou (cf. DH 14). 890

III. Chouazi dapré konsians-la

- 1786 Konsians-la, lè-l dévan yon choua moral, li kapab soua fè yon jijman konfòm ak rézon ki douat-la épi Laloua Bondié-a, oubyin okontrè, fè yon jijman ki nan éré (éroné, yon jijman ki tronpé-l) ki pa konfòm ak yo.
- 1787 Pafoua, moun konn trouvé-l nan kondision ki fè jijman moral-la pi insètèn épi désizyon-an pi difisil. Poutan, li doué toujou chèché sa-k kòrèk épi ki bon, épi disèné volonté Bondié ki éksprimé nan Laloua Bondié-a. 1955
- 1788 Pou sa fèt, moun-nan doué intèprété sa-k pasé nan ékspérians li fè-yo épi sign tan-yo palintèmediè vèrtu prudans-la, palintèmediè konsèy moun ki prudan épi palintèmediè Éspri-Sin-an ak sékou kado-l yo. 1806
- 1789 Gin kèk règ yo doué apliké nan ninpòt ka : 1756
 – Yo pa janm pèmèt fè yon mal pou yon byin t-a soti ladan-l.
 1970 – « Règle d'or »-la : « Tout sa [...], nou t-a vlé pou moun-yo fè pou nou, konsa fè-l pou yo » (Mt 7, 12 ; cf. Lc 6, 31 ; Tb 4, 15).
 1827 – Charité-a, rinmin-an toujou gin ladan-l respè pou prochin-an ak konsians-li. « Konsa antan n-ap fè péché kont frè nou-yo, antan n-ap frapé konsians yo ki fèb-la, sé kont Kris-la n-ap fè péché » (1 Co 8, 12). « Li pi bon pou pa [...] [fè] yon bagay koté frè-ou la jouinn antrav, glisé tonbé oubyin afébli » (Rm 14, 21 vulg.). 1971

IV. Jijman ki nan éré (éroné)

- 1790 Moun-nan doué toujou obéyi jijman konsians-li ki asiré. Si-l t-a aji kont jijman sa-a volontèman (yon fason délibéré), li t-a kondané pròp tèt-

li. Min sa rivé pou konsians moral-la tonbé nan ignorans épi fè yon jijman ki nan éré (éroné) osijè aksion pou-l fè-yo oubyin li déjà fè-yo.

1791 Anpil foua, ignorans sa-a, yo kapab mété-l sou kont (imputer)
1704 réponsabilité pèsonèl moun-nan. Sé konsa sa yé, « lè moun-nan pa pran souin pou-l chèché sa-k vrè épi sa-k byin, épi konsians-la ofiamézi vîn avèg poutèt abitud péché-a » (GS 16). Nan ka sa-yo, moun-nan koupab pou mal li fè-yo.

1792 Pa konnin Kris-la ak Évanjil li-a, mové égzanp lòt yo bay, ésklavaj
133 pasion-yo, prétansion poutèt yon mové konpréansion otonomi konsians-la, réfizé otorité l'Égliz-la ak ansègnman-l nan, défisians nan konvèsion-an ak charité-a kapab yon sous déviasion jijman-an nan konpòtman moral-la.

1793 Si – okontrè – yo pa kapab dépasé ignorans-la, oubyin jijman ki nan
1860 éré-a (éroné-a) pa sot nan réponsabilité moral moun-nan, yo pa kapab mété mal ki fèt-la sou kont-li (imputer). Min kanminm sé toujou yon mal li yé, yon privasion, yon dézòd. Li nésésè donk pou yo travay pou korijé konsians moral-la sot anba éré-l yo.

1794 Konsians ki bon ki pròp-la, sé véritab lafoua-a ki kléré-l. Réyèlman
charité-a soti an minm tan « nan yon kè nèt épi yon bon konsians épi yon lafoua ki pa ipokrit » (1 Tm 1, 5 ; cf. 3, 9 ; 2 Tm 1, 3 ; 1 P 3, 21 ; Ac 24, 16) :

1751 « Donk, plis konsians douat-la progrèsé, sé plis moun-yo ak group-yo kité dèyè désizyon ki avèg épi fè éfò pou yo konfòmé yo ak règ objéktif moralité-a » (GS 16).

RÉZIMÉ

1795 « *Konsians-la sé nouayo pi sékrè épi sanktuè moun-nan, koté li pou kont-li ak Bondié, sé voua Bondié k-ap palé nan fin-fon kè-l la (nan intimité-l la) » (GS 16).*

1796 *Konsians moral-la sé yon jijman rézon-an koté moun-nan kòm moun rékonèt kalité aksion moral détèminé-a (konkrè-a).*

1797 *Pou moun ki fè mal-la, jijman konsians-la rété yon garanti pou konvèsion-an ak éspérans-la.*

1798 *Konsians ki byin fòmé-a li douat épi li véridik. Li déklaré jijman-l yo antan-l suiv rézon-an, dapré vrè byin sajès Kréatè-a vlé-a. Chak moun doué pran mouayin pou-l fòmé konsians li.*

1799 *Konsians-la, lè-l dévan yon choua moral, li kapab soua fè yon jijman konfòm ak rézon ki douat-la épi Laloua Bondié-a, oubyin okontrè, fè yon jijman ki éroné (ki nan éré) ki pa konfòm ak yo.*

- 1800 *Moun-nan doué toujou obéyi jijman konsians-li ki asiré.*
- 1801 *Konsians moral-la kapab rété nan ignorans-la oubyin fè jijman ki éroné (ki nan érè, ki tronpé). Ignorans sa-yo ak érè sa-yo pa toujou san fot ki koupab.*
- 1802 *Paròl Bondié-a sé limiè pou pié-nou k-ap maché-a. Nan lafoua ak priyè sé pou nou pran-l fè-l vîn pou nou (asimilé-l), épi mété-l an pratik. Sé konsa yo fòmé konsians moral-la.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)